



**PANGANDIKAN BUPATI SLEMAN
WOTEN ING TIRAKATAN PENGETAN
RIDUMADOSIPUN KAPING SATUS SANGA
KABUPATEN SLEMAN**

**SURYA KAPING SEKAWAN WELAS WULAN MEI
WARSA KALIH EWU SELANGKUNG**

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Syallom;

Om Swastiastu;

Namo Buddhaya;

Rahayu.

Ingkang kinurmatan :

Rencang-rencang Forkopimda Kabupaten Sleman;

Para Pangarsa DPRD Kabupaten Sleman;

Para Pangarsa Dinas / Badan / Bagian / ing Kabupaten

Sleman;
Para punggawa paprentahan ing Kabupaten Sleman;
Sagung para rawuh ingkang satuhu kula tresnani.

Puji syukur konjuk dumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Welas Asih, ingkang tansah paring kawilujengan, katentreman lan kabagas-warasan dhumateng kula lan panjenengan sedaya. Wusana ndayani kula lan panjenengan saged rawuh lan silaturahmi wonten ingadicara Tirakatan Pengetan Dinten Ridumadosipun Kaping Satus Sanga Kabupaten Sleman ing ndalu menika. Ing wekdal meniko kulo ngaturaken agunging panuwun dhumateng sedaya panitia ingkang sampun mbudidaya amrih reroncening adicara Pengetan Dinten Ridumadosipun Kaping Satus Sanga Kabupaten Sleman menika saged lumampah kanthi regeng lan sae.

Tirakatan ing ndalu menika mboten namung adicara tradisi ingkang dipun wontenaken saben pengetan ridumadosipun Kabupaten Sleman, namung

dados srana kagem kula panjenengan sami ngaturaken panuwun dhumateng Gusti Ingkang Maha Welas Asih ingkang sampun paring kanugrahan ingkang awujud rezeki ingkang mbanyu mili, kaslametan, lan rahmat dhateng kita sedaya. Kanthi tirakatan menika kula lan panjenengan sedaya dipun ajab tansah emut dhumateng sangkan paraning dumadi, inggih menika Gusti Allah ingkang Maha Agung.

Sagung para rawuh ingkang kinurmatan.

Tirakatan ingkang kita tindakaken wonten ing dalu punika, sanadyan prasaja, nanging ngemu suraos lan pitutur ingkang lebet. Injih menika minangka wujud rasa syukur dhumateng Pangeran Ingkang Maha Kuwaos, awit paringipun berkah satemah Kabupaten Sleman ing titiwanci menika ngancik yuswa ingkang kaping satus sanga.

Pramila saking menika, ingadicara tirakatan menika, kula lan panjenengan caos atur donga pamuji dhumateng Gusti kagem para leluhur kita ingkang

sampun berjuang kagem kemajenganipun Kabupaten Sleman. Lampah tirakat menika ugi dados srana nglelimbang dateng diri pribadi kita sedaya satemah saged dados pribadi ingkang langkung sae, makarya kanthi greget, disiplin, jujur lan sae.

Ing pengetan kaping status sanga ridumadosipun Kabupaten Sleman menika, kula ugi nggadhahi pangajab bilih sedaya pangarsaning praja saha sedaya masyarakat Sleman saget nyawiji, golong gilig, lan guyub rukun, makarya kanthi semangat gotong royong mujudaken Sleman ingkang majeng, adil, makmur, lestantun dan berkeadaban. Menika jumbuh kaliyan irah-irahan ing pengetan kaping status sanga ridumadosipun Kabupaten Sleman warsa kalih ewu selangkung inggih menika “**Gumolong Hanggayuh Mukti**”.

Irah-irahan menika nggadhahi teges bilih sedaya punggawa paprentahan ing Kabupaten Sleman lan warga Sleman kedah mboten kendhat anggenipun makarya nggayuh gesang ingkang langkung sae ing

wekdal sak mangke. Pramila kula lan panjenengan sedaya sumangga sami makaryo kanthi greget ingkang makantar-kantar kangge gesang lan panggesangan kita ingkang langkung sae, ugi kagem Kabupaten Sleman, bangsa lan nagari kita Indonesia.

Mekaten ingkang saged kula aturaken ing wekdal menika. Ing wasana mugi Gusti Ingkang Maha Asih tansah paring sih nugraha ingkang ndayani katentreman lan karaharjaning Kabupaten Sleman. Maturnuwun. Dirgahayu Kabupaten Sleman.

Wassalamua'alaikum Wr. Wb.
Om Shanti Shanti Shanti Om;
Rahayu.

Sleman, 14 Mei 2025
Bupati Sleman

HARDA KISWAYA